Д-110

ЗАЙНДИ
ДЖАМАЛХАНОВ



ИРСЕЧУ НОВКЪАХЬ

ЗАЙИДИ
ДЖАМАЛХАНОВ

ИРСЕЧУ НОВКЪАХЬ



Шалинская центральная
районная БИБЛИОТЕКА
Инвентарный № 173136

Стихаш

НОХЧ-ГІАЛГІАЙН
КНИЖНИ ИЗДАТЕЛЬСТВО
ГРОЗНЫЙ — 1980

С(Чеч)
Д40

Джамалханов З.
Д40 Дорогой счастья. Стихи. Грозный, Чечено-Ингушское книжное издательство, 1980
78 с.

Д $\frac{0743 - 003}{М135(03) - 80}$ 29 — 80 С(Чеч.)

© Чечено-Ингушское книжное издательсто, 1980

ХЬЕХАРХО, ІИЛМАНЧА, ПОЭТ

Иза дара гитлеровски Германина дуьхьал вайн халкъо бина Сийлахь-боккха Даймехкан тІом болабалале масех шо хьалха. Теркан районехь хІетахь арадолуш хиллачу «Социализман некъ» цІе йолчу газетан редакце веара кхиъна вогІу жима стаг. Редакторан кабинета чохь гулбелла бара берриге а кхолларалли белхахой. Царна хьалха цо дІайийшира газета тІехь зорбайиттинчу материалашна тІерачу стилистикехулий, синтаксисехулий, орфографехулий чекхдевллачу гІалатийн хьокъехь ма-дарра а, тешош а дуьйцуш язйина йолу статья. Цуьпан чулацамах, дуьхьал дало хІума доцчу лингвистикин чІагІдарех цец а бевлла, леррина ладоьгІуш Іара газетан белхахой.

— Муха хета шуна хІара статья? — аьлла хаьттира редакторо, ша иза ошна ваьлча.

— Литературин а, грамматикин а бакъонашца нийса йина обзор ю иза, хетарехь, нохчийн мотт а, литература а кІорггера хуучу, гІуллакх дика девзаш волчу говзанчас язйина хир ю иза, — элира цхьаболчара.

— ХІокху статьян автор ву Лаха-Неврерчу школан 7-гІа класс чекхъяьккхина волу Джамалханов Зайнди... Хьалагіаттал, Зайнди, гайтал, вовзийтал хьуо, — элира самукъадаьллачу редакторо.

ТІаккхий бен чуьрчеран тидам а ца хилира дІо сонехь, эхь-бехк хеташ, тийна Іачу, лохочу дегІахь, 14—15 шо хир долуш волчу жимачу стеган.

«ХІан-хІа, цо язйина хир яц иза, цунна мичара хуур бара мотт ощущул шера а, кІорггера а?» — шеконаш хилира цхьаболчеран дегнашкахь.

— Накъостий, — олуш, юха а къамел долийра ре-

дакторо, — шу реза делахь, хIинца дош лур ду вай Зайндина...

Дуьхьал цхьа а вацара. Школехь дика доьшуш а, лаккхара низам долуш а вара Зайнди. Хьехархочун муьлххачу а хаттарна дина а майрра, нийса, дуьззина жоп лора цо. Амма хIинца иза классехь вацара, цунна хьалха лаьтташ вацара хIара везаш а, нагахь гIалатвалахь генгнийр долуш а волу хьехархо. Ладугlуш берш дикка дешна а, доккха зеделларг долуш а болу журналисташ бара. Кхеташ ду къамелана башха тIера а воцу, вуьшта а адамех чIогIа эхь-бехк хеташ волу кIант юьхьанца нйзалуш хилла хилар, къамел дIадоло, шена хетарг дийца ца хIуттура иза. Делахь а дукха хан ялале ша дуьйцучун шовкъе велира кIант, цо майрра, Iилманан бух а хIоттош, юьйцура литературин меттан къайленаш, грамматикин бакъенаш, газета тIерачу материалийн масалшна тIехь гойтура царна тIера стилистикин а, грамматикин а гIалаташ.

Атта дацара баккхийчу журналисташна дешархочун чIагIдаршна реза хила, амма реза ца хилча ца бевлира уьш. Оццул бух болуш дара хIетта волалуш волчу лингвистан дийцар.

Ишта вевзира суна Джамалханов Зайнди. Дукха хан ялале районан газетан редакце корректоран балха дIанйцира иза, тIаккха — литературин балха ваккхира. Газето гIо дира цунна нохчийн мотт кхин а тIетаьIина Iамо а, талла а. Нохчийн маттахь редакце догIуш долу дерриге а кехаташ доьшура цо, царна тIера цхьацца дешнаш, схьа а оьцуш, Iамадора, уьш яздаран бакъенаш толлура. Оццу хенахь цо гулйора халкъан фольклоран материалаш.

Ишта дIаболабелира нохчийн литературин мотт таллархочун, къоман фольклор гулъярхочун, поэтан, оьрсийн сийлахь-баккхийчу яздархоший, поэташий, туьйранаш а дохуш, дийцинчу Теркан бердайистерчу Лаха-Неврехь вийчу Джамалханов Зайндин сийлахь, амма хала, чолхе, жоьпаллин кхолларалла дахаран некъ.

Нохчийн жимачу стага, къехочун-ахархочун кIанта З. Джамалхановс нохчийн меттан оффографин, синтаксисан бакъенийн хьокъехь язъеш йолу материалаш зорбаетта йолийра «Ленинан некъ», «Ленинец» цIераш йолчу республикан газеташа. Хьуьнаречу къоначу стагана тIе тидам бахийтира Нохч-ГIалгIайн историн, меттан, литературин Iилманан-талламан институто. ХIетахь оцу институтан директор хиллачу филологин Iил-

манийн кандидата Д. Д. Мальсаговс оцу Iилманийн пхьалгIа балха схьа а валийра Зайнди, вайнехан мотт талларехь доккха гIо а дира цунна.

З. Джамалхановн белхашна тIе тидам бахийтира Малхбале дика йовзарца гоьваьллачу филологин Iилманийн доктора, профессора Николай Феофанович Яковлевс. Иза реза хилира Зайндица цхьаьна болх бан. Цу шимма цхьаьна язъян йолийра нохчийн литературин меттан Iилманан морфологи. Амма кестта болабеллачу тIамо новкъарло йира и болх чекхбаккха а, зорбатоха а. Делахь а церан, шайца лингвист А. Хумпаров а волуш, таро хилира оцу темина лерина йолу книга кечъян а, зорбатоха а.

Гитлеран Германис вайн халкъана дуьхьал тIом беш хиллачу шерашкахь Казахстане нисвелира Зайнди Джамалхановн. Цигахь, итт шарахь библиотекан заведующин болх беш, цо кIорггера Iамабора сийлахь-боккха оьрсийн мотт, Iамайора Пушкинан, Некрасовн, Лермонтовн, Л. Толстойн кхолларалла, толлура къоман фольклор, дуккха а хан йойура нохчийн исбаьхьаллин литературин бух кхоьллинчу Бадуев СаIидан кхолларалла Iаморна.

1957-чу шарахь къона Iилманча Нохч-ГIалгIайн истории, меттан, литературин Iилманан-талламан институте болх бан вухавогIу. Цигахь лингвистаца А. Мациевца цхьаьна цо арахьцу «Нохчийн меттан орфографически словарь», «Нохчийн-гIалгIайн-оьрсийн словарь», чекхбоккху нохчийн меттан нийсаяздаран коьртачу бакъонийн хьокъехь болу болх, кеч а йой, зорбатуху йоккха фольклоран материал а, Бадуев СаIидан цхьайолу исбаьхьаллин произведенеш а.

Iилманан болх дIа а ца тосуш, оцу хенахь Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетехь деша а доьшуш, З. Дж. Джамалхановс хьехархочун болх бо Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетехь а, Грозначу хьехархойн училищехь а.

ТIаьххьарчу ткъа шарахь Зайнди Джамалхановича язбинчу Iилманан белхийн барам 200 сов бу, царна юкъахь 40 сов книга а йолуш: «Нохчийн мотт, лексикологи, фонетика, морфологи. I-ра дакъа (хьехархойн училищена)», «Нохчийн мотт, синтаксис, пунктуаци. II-гIа дакъа», «Нохчийн мотт. Грамматика. 7—8-чуй классашна», дуккха а кхиерш.

Кху деношкахь зорбатоха кечйина ваьлла иза «Нохчийн фольклористика» цIе йолу йоккха книга.

Шеко йоцуш ала мегар ду, нохчийн филологех, вайнехан литературин мотт таллархойх, иза хаархойх уггар тоьлашха верг З. Дж. Джамалханов хилар. Масех шо хьалха кху статьян авторца шен хиллачу къамелехь СССР-н Iилманийн академин языкознанин институтан директоран заместителя, филологин Iилманийн доктора, профессора Ю. Д. Дешериевс ишта элира:

— Суна Джамалханов вевза дикка хан ю. Нохчийн литературин мотт а, къоман фольклор а цунна санна хууш стаг вевзина вац суна. Со цецвуьйлу цуьнан хьуьнарх, ша-шен ца кхоош, цо бечу балхах. Вайнехан лингвистикин хазна ю иза.

Оцу дешнашна тIетоха хIума дац. Стеган мах лаккхара хадор ду иза.

Амма Зайнди Джамалханович, Iилманча хилла ца Iаш, поэт а ву. «Тешам», «Сирла некъ» а цIераш йолу стихийн сборникаш арахецна цо. Цуьнан стихотворенеш арайийла а йийлина, йийла а юьйлу оьрсийн маттахь Грозненхь хьовха, ткъа ишта Москвахь а. Цо дIаязйина цхьайолу халкъан поэмаш оьрсийн маттахь арахецна «Героические песни вайнахов» цIе йолчу йожкхачу сборника тIехь.

Цуьнан стихаш ю вайн Даймехкан столицехь Москвахь 1959-чу шарахь Пачхьалкхан хьбаьхьаллин литературин издательствехь оьрсийн маттахь арахецначу «Нохч-ГIалгIайчоьнан поэзи» цIе йолчу антологи тIехь а. Цул сов, цу тIехь ю З. Джамалхановс дIаязйина халкъан исбаьхьа ялх поэма а. Халкъалахь царах турпаллалли иллеш олу. Цуьнан стихаш ю 1972-чу шарахь Москвахь ВЛКСМ-н ЦК-н «Къона гвардин» издательствехь оьрсийн маттахь арахецначу «Песнь любви» цIе йолчу СССР-н халкъийч безаман лирикин антологин II-чу тома юкъахь а. Ишта цуьнан стихаш ю оьрсийн маттахь 1957-чу шарахь Грозный-гIалахь арахецначу «Волны Аргуна» цIе йолчу поэзин сборника тIехь. 1959-чу шарахь арахийцира поэтан «Сирла некъ» цIе йолу сборник, 1963-чу шарахь араелира Х. Эдиловца цхьаьна цо гочйина йолу оьрсийн сийлахь-вокхачу поэтан М. Ю. Лермонтови «Измаил-Бей» цIе йолу поэма, 1964-чу шарахь дешархошна евзира З. Джамалханови «Тешам» боху стихийн, поэмийн сборник.

Хlокху «Ирсечу новкъахь» цIе йолчу сборнико чулоцург коьртачу декъана цуьнан гражданаллин, патриотизман, философин, безаман лирика ю. Ша фольклорист а, поэт а хиларе терра, нохчийн халкъан мотт а,

барта кхолларалла а, цуьнан исбаьхьаллин къайленаш а шена дика хааре терра, З. Джамалхановс шен кхолларалле хь говза пайдаэцна нохчийн халкъан бартан поэзин меттан хазаллех а, говзаллех а, сурт хIотторан пIирсех а, исбаьхьаллин башхаллех а. Цуьнан стихаш маттана шера а, сурт дика хIоттош а, адамийн догойлий, синхааммий хаза гойтуш а, дешархошний, студенташний, хьехархошний, иштта кегийрхошний, бакхийчарний хазахеташ а ю. Поэтан стихашкахь вайна хаало цхьабосса шера ритм а, юьззина рифма а, хазий, зевнеи дека дош а.

Эрна дацара Нохч-ГIалгIайн АССР-н хьакъволчу артисто Дудаев Мусас ша дакъалаьцначу «Боккхачу дойзалан да» цIе йолчу исбаьхьаллин фильман II-чу серехь нохчийн поэтан З. Джамалханов поэми юкъарчу доттагIалла хесточу цхьана байтах а, къинхьегаман турпалхойн сийина язйинчу «Мехкан хазна» бохучу стихийн строфах а пайдаэцарца, берриге а махкана хазош, цуьнан стихаш ер:

Сий хуьлда мехкан сий
лардечу кIентийн,
Ирс хуьлда халкъан ирс
дебочу мехкарнйн!
Тешаме маршалла
ду шуьга мехкан.
Даггара баркалла
ду шуна халкъан!

Кху карарчу хенахь поэт Советскн Союзан Турпалхочух — вайн махкахочух Нурадилов Ханпашех лаьцна турпалаллин поэма язъеш ву.

З. Дж. Джамалханов Iилманан а, исбаьхьаллин а, хьехаран а кхолларалла хIинца а зазадоккхуш ю. Вай даггара тешаш ощу новкъахь цо кхин а керла, башха кхиамаш бохург хиларх.

Б. ЧАЛАЕВ,
«Ленинан некъ» газетан культурин отделан заведующи.

ЛЕНИНАН ПАРТИ

(КПСС-н XXV-чу съездан сийнна)

Сийлахьчу Октябро,
Вайн партис делла
Халкъан ирс, мехкан сий,
Вовшашка кхойкхуш,
Лардира хьан дикчу
Кlенташа, латта,
Ирсан мохк, тхан хьоме,
Безаме латта!

Кхиъна со хьан хазчу,
Ирсечу доьзалехь,
Кхиъна со исбаьхьчу
Беркатан хьан лаьттахь,
Хьомечу вайн партис,
Дас-нанас бер санна,
Халкъ кхетош кхиочу
Ирсечу махкахь.

Вайна ирс, дахар а
Вайн партис делла,
Цуьнан некъ — оьздалла
Дахарехь тоьлла,
Ца кхачон, гlел ца лун
Белхан ницкъ белла,

Дуьненан машар а
Ларбан ницкъ белла.

Іаьржачу дешица
Вайн латта хьанделла,
Хьийкъинчу ялтица
Аренаш тоелла,
Вайн халкъийн вошалла
Ду хьуна ницкъ белларг,
Вайн партин куьйгалла
Ду хьуна ирс делларг.

Дуьненан адмашна
Ирс делла Ленин
Дуьненан халкъашна
Хьомсара да ву.
Цо дина совгІат ду
Езийра парти —
Сий долу да-нана
Вайна ду тахна.

Хьомечу Даймехкан
Товш йолу ареш,
ЦІеначу Іаламан
Исбаьхьа сурташ —
Сан дагна безам бу,
ДегІана ницкъ луш.
Даггара партина —
Сийлалла, безам!

Вайн хенан хьекъало
Адамалла толадо,
Совйоккху оьздалла,
Дахчадо доьналла.
Тешамах, безамах
Дуьзна ду дегнаш,

Кхиамийн толамах
Херлур дац адмаш.

Даймехкан зIаьнарш ю
TIеттIа сов хазлуш,
Вайн мехкан аренаш
Беркатцӑ тоеш,
Адамийн догIмашна
Ирсан ницкъ сов луш,
Заздоккху вайн дахар
Кхиамашца хаздеш.

1976 ш.

ДАЙМЕХКАН ЗІАЬНАРШ

(Партин XX-чу съездан сийнна)

Мархашкахь гучуболу
дашо малх санна,
Халкъана вовзарца
шен Іилма даржош,
ПаргІато серлонца
дуьнен чу яржош,
Товш гучувелира
вайн Ленин вайна.

Компарти кхоьллир цо —
Даймехкан зІаьнарш,
И зІаьнарш шех евлла
малх бара Ленин.
Цу малхой, зІаьнарший
хаздина адмаш,
Дегнашкахь Ленинан
хьехамаш кхерсташ.

Беркат ду вайн махкахь
денна сов дебаш,
Халкъан ирс кхуллуш ду
партис ден куьйгалл.
Нур кхерста дегнашкахь,
даккхийдер къега.

Белхан ницкъ, толамаш
ларбеш ду гIарол.

Жовхiарал хаза бу
вайн дика Даймохк,
Малх санна, товш ду-кха
вай деха латта,
Болатал чIогIа бу
вайн халкъийн тешам,
Кхиъмашка кхача вай,
кху съездан сий деш!

1956 ш.

ПАРТИН ГІОЬНЧА

(Яздархочун. сийнна)

Яздархо — уггаре сийлахь цІе ю,
«Адамийн синойн и инженер» ву —
Вайн партис елла и хьоме цІе ю:
Адамалла, нийсо а ларъеш и ву.

Нур дашо зІаьнаршца и вайна къиэга,
Кхийдадеш вайга шен тешаме дог,
Нийсонан шен аьзнаш — хьекъалан седа.
Харцонаш эшаеш, олу цо дош.

Галваьлларг нисварца, бакъоне верзош,
Цакхетарг кхетавеш, нийсоне хьовзош,
Вон амал емалъеш, адамех къахкош,
Шен оьзда декхар цо хьуьнарца лардо.

Генарчу гІамарийн халачу арахь,
Хи доцуш, хьагонна гІорасиз висча,
Куьг кховдор дара цо, иза гІо ларахь,
Лур дара цо дарба, шен гІора дисча.

Панарчу шелонехь стаг холчохь гича,
Шен дегІан йовхо а цо дІалур яра;
Йовхоно, вожавеш, легаш дакъийча,
Теркан бухь цо цунна сиха лур бара.

Муьлххачу халонна гIо оьшуш хилча,
Шен са а адамна цо кхоор дац;
Цхьа меттиг нисъелла, кечвала дезча,
Мехкан сий лардан ницкъ цо кхоор бац...

Хьайн ойла, синхаам дегнашка кхачош,
Дерриге вайн Iалам эшаре доккхуш,
Оьздалла, тешам, яхь бакъонехь латтош,
Кхиамаш хуьлда хьан, ирс алсамдоккхуш!

1977 ш.

ДЕКА, САН ИЛЛИ

Вайн халкъан ойланехь
бІаьсте ю даим,
Сов хазчу Іаламца
дегнашна там беш,
ЦІен зезаг бацалахь
лепадеш даим,
Адамийн ирс кхио
Іалам ду вайн беш.

Бес-бесар стоьмаша
вайн бошмаш хазйо,
Дашо малх беларо
мохк, латта хаздо,
Даймехкан беркато
ирс, дахар тодо,
Ленинан Іилмано
хьекъалаш шордо.

Вайн Даймохк, снйлахь халкъ,
Компарти, машар —
Уьш лардеш, тоделла
ирс долу дахар,
И дахар хаздина
вайн доттагІалло,

Сийлахь ду халкъана
гIуллакх дар даим.

Вайн доьзал хазбина
сий долу парти
Декъалъе, сан илли,
массо а хена,
Дог дика дош ала,
маршалла хаттий,
Тешам ло даггара
сий лардан партии.

БIаьстенан олхазар —
чIегIардиг санна,
Дека хьо, хаза аз
лере а кхачош,
Бийца ахь вайн партин
сацамаш тхуна,
Малх санна, къегина
дог-ойла гIаттош.

1959 ш.

МЕХКАН ХАЗНА

Халкъан ирс совдаккха
вайн партис кхайкхар
Баккхийбеш ийцир тIе
массо а маьIIехь.
Ленинан хьехамо
чIагIдо ирс хьекъар
Кегий нах, мехкарий
кхиорца токхехь.

Хьо ю-кха, нохчийн йоI,
кегийрхойн ирсехь,
Ховха дегI ца кхоош,
ялта сов хьекъош,
Хьан доттагI, оьрсийн йоI,
дIахIуттуш юххе,
Хьан хьуьнар хестош ю,
хьан гIиллакх хьехош.

Воккхаве, хазхета
дезачу дийнахь
Махкана ялтица
хазна совъялар,
Вайн Даймохк юьхькIамца
[illegible] чекхбалар.

Шалинская центральная районная БИБЛИОТЕКА
Инвентарный

Ахь дакъалацарца
сийлахьчу балхахь.

Мехкан зовкх, халкъан ирс —
хазна ю ялта,
И кхиош, къийсамехь
ца кхоош догIмаш,
TIахъаьлла хьийзинарш
декъалбо партис,
Маршалла, хастам бу,
турпалхой, шуна!

Сий хуьлда мехкан сий
лардечу кIентийн,
Ирс хуьлда халкъан ирс
дебочу мехкарийн!
Тешаме маршалла
ду шуьга мехкан,
Даггара баркалла
ду шуна халкъан!

1956—1974 шш.

СИЙЛАХЬ-ДОККХАЧУ ХАЛКЪАН МОТТ

Дуьххьара дуьнен чу ваьлча,
Вайн Іалам сайн бІаьрга дайча,
Сайн ненан дош лерехь декча,
Схьахезнарг ненан мотт бара.

Бераллехь бийцинарг ненан мотт бара,
ГІилкх-амал Іамийнарг и бара суна,
Туьйранаш, иллеш а цу маттахь дара,
И дерриг довзуьйтуш ненан мотт бара.

Жимчохь со вахара тхайн юьртахь деша,
Доккхачу халкъан мотт болийра Іамо,
И Іамош, гІо дора сайн ненан матто,
ТІаьхь-тІаьхьа Іемара шина маттахь еша.

Сан шолгІа ненан мотт оьрсийниг хилла,
Цу маттахь дийцина Ленина — баьччас,
Пушкина шен иллеш цу маттахь даьхна,
Вошаллин мотт бу и, вайна луш Іилма.

Сайн хьоме жима халкъ, шен лаам чІагІбеш,
Россина юкъадахар сий хета суна,
Искусство, йовзуьйтуш, елла цо вайна,
Кийрара аз дуьйлу, халкъан ирс хаздеш.

1979 ш.

Ахь дакъалацарца
сийлахьчу балхахь.

Мехкан зовкх, халкъан ирс —
хазна ю ялта,
И кхиош, къийсамехь
ца кхоош догIмаш,
TIахъаьлла хьийзинарш
декъалбо партис,
Маршалла, хастам бу,
турпалхой, шуна!

Сий хуьлда мехкан сий
лардечу кIентийн,
Ирс хуьлда халкъан ирс
дебочу мехкарийн!
Тешаме маршалла
ду шуьга мехкан,
Даггара баркалла
ду шуна халкъан!

1956—1974 шш.

СИЙЛАХЬ-ДОККХАЧУ ХАЛКЪАН МОТТ

Дуьххьара дуьнен чу ваьлча,
Вайн Іалам сайн бІаьрга дайча,
Сайн ненан дош лерехь декча,
Схьахезнарг ненан мотт бара.

Бераллехь бийцинарг ненан мотт бара,
ГІилкх-амал Іамийнарг и бара суна,
Туьйранаш, иллеш а цу маттахь дара,
И дерриг довзуьйтуш ненан мотт бара.

Жимчохь со вахара тхайн юьртахь деша,
Доккхачу халкъан мотт болийра Іамо,
И Іамош, гІо дора сайн ненан матто,
ТІаьхь-тІаьхьа Іемара шина маттахь еша.

Сан шолгІа ненан мотт оьрсийниг хилла,
Цу маттахь дийцина Ленина — баьччас,
Пушкина шен иллеш цу маттахь даьхна,
Вошаллин мотт бу и, вайна луш Іилма.

Сайн хьоме жима халкъ, шен лаам чІагІбеш,
Россина юкъадахар сий хета суна,
Искусство, йовзуьйтуш, елла цо вайна,
Кийрара аз дуьйлу, халкъан ирс хаздеш.

1979 ш.

ВОРХІ СОВГІАТ

Дас-нанас, Даймахко, сан халкъо суна,
Со везаш, со ларвеш, ворхІ совгІат делла:
Хьалхара совгІат ду Даймахке безам,
Шолгlа сан совгІат ду, оьздалла лоруш,
Ленинан партина тешаме хилар.
Кхоалгlа совгІат ду къонаха ларар,
Валлалца доьналлехь цуьнан сий лардар.
Доьалгlа сан совгІат — дика йоІ ларар,
И халкъан гІиллакх ду, адам мел деха:
Яхь йолу дика кІант дозалла лоруш,
Тешаме оьзда йоІ сийлалла лоруш.
Пхоьалгlа совгІат ду халкъан сий лардар,
Мехкан сий, халкъан сий цхьабосса лоруш.
Адамалла йолхалгlа сан хазна ю.
И лоруш вацахь стаг, декъаза ву.
ВорхІалгlа сан хазна, мало яр доцуш,
Махкана хьанала къахьегар ду.
Хьуьнаре къинхьегам, оьзда яхь яцахь,
Стаг вуьсу, доьналла, тешам, ирс доцуш.
Даймахке бакъ безам белахь,
Цо гІо до доьналла кхио,
Къонахчун турпал яхь елахь
Вуьззина патриот хила.
Партина тешаме хилар

Сийлахь ду, оьздалла чIагIъеш,
TIex дика гIилкх-амал ларъеш,
Мехкан сий, доьналла лардеш.
Къонахчун сий даро вайна
Турпалхойн сий лакхадоккху,
Халкъан ирс цо алсамдоккху, —
Къонахийн сий ду и тайна.
Дика йоI хестайо иллехь.
Махко а лору уьш сийллехь,
Эрна дац «мехкарий» алар,
Цу дашехь «мохк» орам хилар.
Мехкарийн сий даро
Оьздалла ларйо,
Оьздалла ларъяро
Адамаш хаздо.
Халкъан сий довзаро
Доьналла лардо,
Доьналла лардаро
Мехкан ницкъ стамбо.
Адамалла дезаро
Къинхетам денбо,
Къинхетам безаро
Нийсо а стамйо,
Диканиг дуьззина
Цо нийса лардо.
Хьанала къинхьегам оьзда гIулкх ду,
Ткъа иза дахаран бакъ нана ю:
Ненан сий, мехкан ирс вайн хазна ю,
И ларъеш, доьналлехь вай дехар ду.

1978 ш.

ТУРПАЛХОЙН СИЙ

Дуьненан мел зама яьлла,
Хӏинца а лерина и дац.
Халкъалахь дика дош аьлча,
Турпалхойн сий-лерам лахлац.

Вайн дахар, мехкан сий лардеш,
Турпала къонахий хилла,
Іаламмий, халкъан ирс хаздеш,
Баьхна уьш сий долуш хилла.

Къиза ницкъ эшийна турпал
Хьакъ ву вайн дегнашкахь виса...
Бонапарт сацийна курпал[1]
Кутузовн самонца йина.

Суворовн сий динарг Даймехкан сий ду,
И сийлахь леричарг похӏмалла ду,
Халкъан ирс, мехкан сий вай лардеш ду,
Цундела турпалхой вайн сийлахь бу.

Ленина делла Ирс Октябрь хилла,
И лардеш, вайн хьоме турпалхой белла.

---

[1] *Курпал* — йоккха топ (тардинчу маьӏнехь аьлла).

Вайн партин кхайкхамо тхуна
Турпалла, доьналла ло,
Цхьаъ санна, массо а тIамна
ГIаьттира, мел оьшург дан.

Эрна дац сийлахь цIе «гварди»
Столица ларъечохь тиллар,
Панфиловн дивизин толам —
МостагIа, вохавеш, эккхор.

Кху тIамехь вошалла лардеш,
БIокъажор ца хууш, майра
Лийтира тIемалой вайн:
«Вухавала меттиг яц: «Москва!..»

Ас хьалххе дехар до хьоьга,
Сан нана, ахь цкъа а тхуна
Сагатдан ца оьшу хьуна:
Вайн халкъо боккхур бу толам.

1941 ш.

ДАЙМОХК ЛАРБЕШ

Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь 1945-чу шеран 17-чу апрелехь валар тIеэцначу, бIаьхаллин сий дарца Чехословакехь, Прусентица-юьрта юххехь, дIавоьллинчу вешин Джамалханов Мохьдин сийнна.

БIаьстенан хазачу хенахь
Дуьненчу велира кIант.
Вахаре сатуьйсуш жимчохь,
Кхиъна дIахIоьттира стаг.

Даймехкан сий лардан лиъна,
Эскаре гIуллакх дан дас,
Вайн халкъан халонах кхиъна,
Хьажийра шен жима кIант.

Мехкан сий, халкъан ирс лардеш,
ЮьхькIолла ларйира цо.
Дозанехь, вайн Даймохк ларбеш,
Шен са дIаделира цо.

Эшамо цатам беш хиларх,
Декхар ду вайн ирс, мохк лардан,
Къийсамехь цхьаъ воцуш дисарх,
Кхуьур ву воI Даймохк ларбан.

Даймехкан сийлалла еза,
И ларъян махкахо веза,
Халкъан ирс лардан вай деза, —
Даха вай мехкан сий лардан!

1977 ш.

ВАША ГIАРОЛЕХЬ

(Йишас лекхна йиш)

Малх-схьакхеташ, малхе хьожу,
Бутт схьакхеташ, батте хьожу,
Доза лардеш, хьоме вашас
Ден гIуллакхаш хаза хета.

Хьоме хеташ, дагна езарг
Дагахь латтош хьо хир ву-кха,
Де мел дели, карлаюьйлуш,
Iаьржа бIаьргаш белакъежош.

Дерриг дагца вайн халкъ дезаш,
Вайн Даймехкан дола дина,
Хьо, стаг хилла, цIехьа веъча,
Везаш хир ву нийсарш юкъахь.

Сийлахь парти, хьоме Даймохк
Вай даккхийдеш хазна ю вайн,
Вайн мохк ларбеш, вайн халкъ лардеш
Хьо хилар ду со йоккхаеш.

Шен са санна, хьо везначо
Ша йиццаяр доьху хьоьга,
Хьо виц ца луш, дагахь латтош,
Цо маршалла хоьтту хьоьга.

Малх схьакхеташ, малхе хьажий,
Бутт схьакхеташ, батте хьажий,
Хьо везначун даге хьажий,
ДIаэцалахь тхан маршалла.

1956 ш.

ТIАМЕРА ДЕАНЧУ СУРТЕ

(Лор-йишин безамна)

1943-чу шарахь тIамера ша соьга доуьйтучу кехатца лор-йишин Валин сурт даийтира тхан вашас. Цу хенахь цуьнан сийнна айса язйина стихаш дагалиэцна, уьш меттахIиттош, язйина ас хIара стихотворени.

ТIамера йоьIан сурт кхечира соьга...
Сан дагна безаме хийтира хьо,
Даймехкан тIемалой ларбинчу хьоьга
Баркаллин дош ала лууш ву со.

Вайн Даймохк къизачу мостагIчух ларбеш,
Халонаш эшаеш, гIо дина ахь,
Хийлазза бIаьхо ахь товина, ларвеш,
Дог оьцуш, оьзда дош хазийна ахь.

Чов хилла тIемало воьжначу метте,
Орцанна сихъелла, хьо хьаьдда хийла,
Хийлазза герз карахь мостагIех летта,
Оьшучохь хьайн са а дIадала кийча.

Маса кIант хьо езаш, йиц ца луш хилла,
Хьан хьуьнарш даг тIера ца довлуш висна!
Кхиъна хьо чов хилларг лазартне вилла...
Хийланнан дог дуьзна хьоь безам бисна!

Вайн халкъан турпалхой, хьо дагалоьцуш,
Хьоьга шайн бакъ-цIена безам ца бицлуш,

Хьан сий деш, йиц ца луш, хьоьга сатуьйсуш,
Хир бу-кха даггара хьо каро лоьруш.

Лор-йиша, хьан сий деш, декар ду иллеш,
Турпалхой гIовттур бу, хьо лоруш, хьуна.
Декор ду иллеш а, хазор ю эшарш,
Ирс долуш, аьттонца яха хьо тхуна!

1978 ш.

КЪОНАХ

Къинхетам нийсонца ларбахь,
Стогалла хьуьнарца ларъяхь,
ГIиллакх а оьзда ахь лардахь,
Хьо ву-кха яхь йолу къонах.

Хьайн нана, йиша ахь ларахь,
Езачу йоьIан сий лардахь,
Вайн Даймохк даггара безахь,
Хьо ву-кха яхь йолу къонах.

Муьлхха а жима бер дезахь,
Даймехкан цхьа хал и хетахь,
Махкана и кхиор лерахь,
Хьо ву-кха бакъволу къонах.

Хьан кийрахь цIена дог делахь,
Адмашна ирс-аьтто лехахь,
Нийсо хьо ларъеш чекхвалахь,
Хьо ву-кха вуьззина къонах.

Берашна, зударшна хетахь,
Хьо царна даггара везахь,
Хьайн декхар ахь оьзда лерахь,
Хьо ву-кха нийсонан къонах.

Мехкан сий лоруш хьо вахахь,
Халкъан ирс лардеш хьо валлахь,
Хьайн ницкъаш цунна ахь ларбахь,
Хьо ву-кха Даймехкан къонах.

Дош хаза, дог Іаьржа вацар,
Ямартло, тешнабехк бацар,
Дог дуьзна оьзда яхь лацар —
Ду иза къонахчун вахар.

Нагахь хьайн дилхан дог дацахь,
Бехчалган[1] хилла а, кийрахь
Къонахчун дог хила деза,
Дог дуьзна яхь хила еза.

Ахь адам безамца ларахь,
Машар ахь хьекъалца ларбахь,
Доьналла махкана лардахь,
Хьо ву-кха тешаме къонах.

Халкъана везаш хьо вахахь,
Махкана хьомсара хетахь,
Берашна дукха хьо везахь,
Хьо ву-кха бакъволу къонах.

Махко а лоруш ду коьрта,
Къонаха, дика йоІ, олуш,
Да-нана, вина мохк — коьрта
Дахаран Іалашо лоруш.

---

[1] Халкъан барта кхолларалле хь кху кепара хьекъале дешнаш ду: «Стаг ша-шех а, нахах а вешаш хила веза: тІаккхий бен иза нийса хир вац. Ша-шех а, нахах а вешаш и хилахь, шегара гІалат ца далийта гІертар ву. Дилхан дог дацахь, бехчалган хилла а, цхьа дог хила деза стеган. Иза, яхь хила еза, бохург ду». Цу дешнийн кхетамца-кхиоран маьІна ду.

Хьайн декхар оьзда ахь лардахь,
Яхь, тешам доггах ахь ларбахь,
Дикалла кхетамца ларахь,
Хьо ву-кха бакъволу къонах.

Дог оьккхуш, хьуо хIаллакьхиларх,
Мехкан сий, халкъан ирс лардеш,
Хьо хилахь оьзда яхь ларъеш,
Хьо ву-кха вуьззина къонах.

1978 ш.

ДОТТАГІЧУЬНГА

Дахарехь цкъа наггахь вайна
Цатам я халахетар хуьлу:
«ДоттагІчо» къамел до тайна,
Шех тешнарг тилар чу вуьгу.

Тешначо до иза къобал,
Шен дагахь яцарна харцо·
Тешамца лардо цо хьекъал,
Лору-кха оьздалла, сий цо.

Дош олуш, барах цо цатам,
Сонта цо йича а забар,
Шен дàгна хиларх а хорам,
Сатуху, лардеш и ларар.

Оьздачо къинхетам ларбо,
Ницкъ кхочу гІо дан а хьожу:
Ша сийлахь лоруш, цхьаволчо
Харцонан сонта некъ хоржу.

Хьаналниг харцо некъ лоьхуш,
И вохо шен аьтто лоьруш,
Шен «хьекъал» нийса ду моьттуш,
Ямарта вон хьагІ цо лоцу.

Бевзачу нахана гергахь,
Дог хууш, ша забар ечух,
Харц чIагIо кхочушъян дагахь,
Волало, аьтто ша бечух.

Шен аьтто хиллачу меттехь
Харцонаш цо лелайо,
Хабарца тIех дикчу дагахь
Волчух сурт цо хIоттадо.

Нийсонан шен хьекъал долчо
Нахаца оьздалла ларйо,
Генара шен кхетам боцчо
Боьха хьагI шен дагца чIагIйо.

Ша кхеташ, нах сонта лоруш,
Цо ойла латтайо шен,
Мел дика гIо дарах шена,
Баркалла цкъа а ца олуш.

Иштачех цхьаъ ву хьо суна...
Со хилла доттагIа хьуна,
Амма хьо тIаьхь-тIаьхьа, оьгIуш,
Харц новкъа хIоьттина, вогIуш.

Халкъалахь олуш ду хийла:
«Дош хаза, дог Iаьржа кийрахь
Вайн веччун ма хуьлда доттагI», —
Хьох во цо, воццушехь, мостагI.

Изза кеп хIоттий ахь суна,
Хьайн гIалат нисдан хьо хьажа,
Ца нисдахь, тIаьхьа хир хьуна,
Цулла а нийсо ахь харжа.

1978 ш.

ПУШКИН

Халкъ, дахар, дуьне а
бакъонца девзаш,
Халкъан мотт, амал а
кIорггера хиъна,
Поэзин малх хилла,
дуьненна везаш,
Халкъана дозалла,
поэтийн сий ду хьо.

Исбаьхьчу хьан дешан
говзаллин цIарца
Хьан цIе а къегаш ю
дашо варкъ гарца,
Безам а, тешам а
лоьруш хьо хилла,
ДоттагIийн, накъостийн
дог-ойла хестош.

Стогалла, оьздалла
гIиллакхца ийна,
Сирлачу хьекъалца
хьайн ойла зийна,
Вайн даймохк, сийлахь халкъ
бакъонца дезна,

Халкъан дош марзонца
декий ахь тхуна.

Хьан дикчу иллеша
дог-ойла хазйо,
Декачу аьзнаша
хьоьсту тхан дегнаш.
Пушкин, хьой, хьан стихаш,
иллешший тхуна
Даима лаьттар ду
безамца даг чохь.

Хьекъалан, бакъдолчун
кхетаме аьзнаш
Декар ду дегнашкахь,
ойланехь зевне,
Хьомечу берашна,
тIаьхьенна денна
Декар ду, хезар ду
массо а маьIIехь!

Пушкинан исбаьхьа
хIай иллеш, тхуна
Кхарсталаш ирсаца
лаьтта тIехь, стиглахь,
Тхан коьртехь тIаьхь-тIаьхьа
ирсалла юдуш,
Дерриге жил-Iалам
эшаршка доккхуш.

Халкъашна совгIатна
поэзи кхоьлли...
Дуьнен чохь массо а
мотт хууш мел верг
Хьо вевзаш, везаш ву,
дуьне мел дозу,

Вицлур вац халкъашна,
шераш дIаэхарх.

Шера ду маттана,
кхетарна атта,
Хьекъална кIоргера,
бакъ ойла гойтуш, —
Иштта ду хьан иллеш,
тхан лерехь декаш,
Даима тхан дегнаш
марзонца хьоьстуш.

Дека шу, даржа шу,
бакъ деган аьзнаш,
Пушкинан безам а,
марзо а тхуна
Заманан йохалла
карла а йохуш,
Поэзин безамца
хьоьстуш тхан дегнаш!

1959 ш.

ДАХАРАН ТЕШ

(Сийлахь-воккха яздархо Л. Н. Толстой вина 150 шо кхачарна)

Уггаре баккхийчу яздархойх цхьаъ,
Хилла хьо, хьекъалча, дуьненна вевзаш,
Дахаррий, Іаламмий бакъонца девзаш,
Сийлахьчу Ленинна везначех цхьаъ.

Цу генийс хастийна гений хьо ву,
Мокхазар берд санна, лерина цо,
Европехь тоьлла верг къастийна хьо,
Кхолларехь хьо дешан говзанча ву.

Суворин хилла хьан бакъ похІма лоруш,
Паччахьал хьекъална хьо сиЙлахь хеташ,
Ницкъана цул тІех хьо хиларх ша тешаш,
И бакъдерг, халкъах ша ца лачкъош, олуш.

Дерриге дуьнено хьоьга ладоьгІуш,
Хьан хІора даше а сатуьйсу дахар,
Яздаран говзалла хьан лаккхаялар
Кхайкхийра Драйзера, хьан сий ша кхолуш...

Прозин хьан турпалхой, ойла ахь йича,
ТІех башха, гІиллакхе, оьзда нах бу.
Нийса ахь гайтина бакъ сурташ гича,
Цецволу, — дешан хьо говзанча ву.

Хьекъалах, Iилманах вуьзна хьо ву,
Адамалла, яхь, тешам лоруш хьо хилла,
Дуьне ахь хаздина, адамаш лоруш,
Iалам а адамийн кхетамца гойтуш.

Дахар а, Iалам а эшаршка доккхуш,
Дуьненан дикалла бакъонца гойтуш,
Дахаран садеIар даггара хьостуш,
ВогIу хьо лаьмнашца, пергIат ког боккхуш.

1978 ш.

Н. А. НЕКРАСОВ

Дерриге хьайн дагца халкъ дукхадезна,
Сийлахь мохк, ненан мотт тIех хьоме хетта,
Хьайн деган безаман, дозаллин хазна
Лерира ахь гIуллакх дар, халкъан ирс лехна.

Сийлахьчу поэтех хьол хало хьегна
Цхьаъа а хилла вац, жимчохь къахьегна,
Хьайн лаам ца эшош, къих оза ца луш,
Хилла хьо махкана поэзин ницкъ луш.

Исбаьхьчу хазнин нур хьайн дагца догуш,
Хилла хьо оьздаллех, стогаллех вуьзна,
Гражданин, поэт, къахьоьгу халкъ дезна,
БIешераш дийларах, вицлур а воцуш.

Хилла хьо хьайн халкъан даге ладугIуш,
Iазапе къа-бала айхьа тIех худуш,
Махка чохь сийлахьнаш доттагIий хилла,
Халкъана хьехархой, къонахий хилла.

Сийлахьчу Ленинна безамца везна,
Веза хьо тахана ирсечу тхуна,
Тхан лерам, тхан безам хьакъ хилла хьуна,
Дуьнен чохь исбаьхьа маьлхан нур мел ду.

Виц ца ван, совгIат ду ахь тхуна дитна,
Цундела даима хир ву хьо дийна,
Лаьтта тIехь поэзин сий мел ду кхерсташ,
Хьан деган, хьекъалан нур хир ду кхерсташ.

Дуьненна халкъан мотт ахь сийлахь гайти,
Цуьнан ницкъ, хазалла, чам, марзо гайти,
Хьекъал ду ницкъ болуш гIитто вайн дегнаш,
Мекха а йоьр яц и хьекъалан хазна.

Дагана ма-луъу, хьо лоруш, ала
Маттана дош къен ду, бехк ахь ма билла,
Лаьтта тIехь дIалелаш адам мел деха,
Хьан сий дар лахлур дац, дуьне мел деха.

Хьо вешна, вевзина догцIена безам
Ширлур бац, нохчочун кийра дIалальцна,
Таханенан ирсан нур дайча хьайн бIаьрга.
Безамца лур дара хьайн куьг ахь тхоьга.

1971 ш.

ХЬОМЕ ЯЗДАРХО

(Бадуев Саӏидан безамна)

И вина хьалхарчу боламан эхехь[1],
Поэзин хьалхарчу зӏаьнарийн малхехь,
Маттана шерачу кхолларийн хьаьвхьехь,
Шен похӏма тӏаьхь-тӏаьхьа кхиадеш даг тӏехь.

Кӏорггера дог-ойла, синхаам гойтуш,
Адамийн оьздалла, гӏиллакхаш хестош,
Къизалла, харцонаш емалъеш, кхайкхош,
Гӏаьттир и, вайн меттан хазалла кхолуш.

Дахаран Іалашо адамалле ерзош,
Дехачу адамна ирс-аьтто магош,
Шен оьзда поэзи маттаца хазъеш,
Хаза лар йити цо, хьекъалца ларъеш.

Вайн меттан йозанан хазалла нисъеш,
Кхолларе маттаца говзалла марзъеш,
Вайн мехкан кегийрхой кхетамца нисбеш,
Хьанал къахьийги цо, халкъан сий лардеш.

---

[1] Хьалхарчу боламан эхехь — Россехь дуьххьарлера (хьалхара) революци хуьлучу муьрехь.

Хан еха яларх, и дегнашна вицлац,
ТIеттIа сов цуьнан дош чIагIлуш ду дагца,
Дог хьоьстуш, исбаьхьа декаш ду дешнаш,
Ойланехь сов хаза хIиттадеш суьрташ.

1977 ш.

ХАЛКЪАН ЙОІ — МЕХКАН СИЙ

(Халкъан поэтессин Р. Ахматован
50 шо кхачаран сийнна)

Халкъан йоІ, мехкан сий хьо оха лору,
Сийлахь цІе, вайн халкъан поэтесса, аьлла
Елла-кха хьакъ долуш хьуна, хьо лоруш,
Ахь оьзда лардо и цІе, сий, доьналла.

Оьзда йоІ махко а лоруш ю, сий деш:
Къаьсттина оьздалла халкъо лерина,
Къинхетам, нийсо яр сийлаллехь лардеш,
Кхечунна ца лучохь дехар луш цунна.

Даймехкан сийлалла аш даим ларйо,
Ца кхоош ницкъаш, халкъан ирс дебадо,
Вайн бераш кхиадо, доьзал а ларбо,
Белхан сий, халкъан гІулкх нийса аш лардо.

Даймехкан мехкарий, шун оха сий до,
Махкана, халкъана аша дика ло:
Турпалхой, Іилманхой, яздархой сийлахь,
Белхалой, ахархой, кхиберш а бертахь.

Махкана комаьрша наноша ло
Гоьбевлла турпала, хьекъале нах,
Массо а дика кІант, оьзда йоІ ло,
Халкъана, махкана, кхиош, ло аш.

Хьан дикчу иллеша, стихаша тхуна
Зевнечу аьзнашца декадо хьекъал,
Хьан дешнаш дегнашкахь дехар ду тхуна,
50 шо кхачар хуьлда хьан декъал!

Компартис кхиош бу вайн бертахь доьзал,
Цо кхетош-кхиийна халкъан йоI ю хьо,
Халкъан йоI, мехкан сий лору хьо оха,
50 шо кхачар хуьлда хьан декъал!

1978 ш.

БАКЪДОЦУРГ ДИЙЦА МА АЛА

ТIам бойна олхазар лаьтта тIе доьжнехь,
Схьаэцна, цунна со хьожур ву гIо дан,
Я цуьнан кIорнешна кхача ца тоьънехь,
Оцарна оьшург а хьожур ву нисдан.

Хи юххехь, лекхачу бердана юххехь,
Ког шершаш, муьлхха а адам галдалахь,
И лаза ца дайта, гIо дийр ду цунна,
Амма ахь бакъдоцург дийца ма ала.

Со хууш вац цкъа а бакъдоцург дийца,
Лууш а вац со-ма и дийца Iама;
Мел къаьхьа делахь а, бакъдерг ду нийса,
Цундела бакъдоцург дийца ма ала.

Харцдолчо мел дукха новкъарло еш ю,
Ткъа бакъдерг Iаш дац-кха шен бакъо йоцуш,
Дахарехь Iалашо, оьзда некъ вайн бу,
Бакъ-цIена нийсо ю вай ларъян йогIуш.

Вайн халкъан хьекъалехь аьлла ду тайна:
Харцдолчо гIо дина нислур вац цхьа а,
Ткъа бакъдерг малхал а сирла ду вайна, —
Цундела бакъдоцург дийца ма ала.

1979 ш.

НЕНАН СИЙ

Цкъа бен стаг дуьнен чохь вахац,
Галваьлларг нисван дац атта,
Сонталла хьекъале ларац —
Нийса некъ ларбеш хьо латта.

«Беран са акха ду», — олу,
«Ненан са — шен беран кийрахь», —
Олу-кха халкъана юкъахь,
Нана вай къахеташ лору.

Дас-нанас кхиадо бераш,
Вонах уьш лардан а гIерта;
Ойла яхь, харцонах хедаш,
Iема уьш нийсонах кхета.

Наноша яхь Iамош хилла,
Оьзда некъ ларбар а лиъна;
Бер кхиор ду сийлахь Iилма,
Уьш хилахь нийса некъ хиъна.

Мохк ларбан шайн бераш Iамош,
Стогалла шаьш цаьргахь кхетош,
Сий лардеш бу оьзда наной, —
Дехар вай, вонах уьш къестош.

Дуьнен чохь гоьваьлла хиларх,
Мел воккха къонах и ларарх,
Цхьанна а дехар цадаларх,
Зударшна дош луш вай хилла.

И милла елахь а, халкъо
Зуда ерг лоруш ю нана,
Ткъа цуьнан сий ца дан бакъо
Хилла яц цхьана а адман.

Вайн халкъан турпалчу иллехь,
И хестош, декош ду дешнаш,
Дог айдеш, дека уьш зевнехь,
Дека уьш, оьздаллехь къесташ.

Гlизару, Ханпашин нана,
Халкъалахь Муьстарган нана...
Евгеньевс[1] уьш сийлахь лору,
Царах дерг даггара олу.

Муьстарган яхь йолу нана
Шен кlанте яхь кховдош хилла,
Юрт йоккхуш осал и хилахь,
Къинтlера ер яц ша, аьлла.

Iаьмаран Зазас цу дийнахь
Болатал чlогlа дош аьлла,

---

[1] 1943-чу шарахь Москвахь, ВЛКСМ-н ЦК-н «Къона тварди» издательствехь, 50 000 экз. тираж а йолуш, арахецна Борис Сергеевич Евгеньевн повесть «Пулеметчик Ханпаша». Цо шен повестехь чlогlа хастийна уьш, вайн турпалаллин иллешкахь санна. «Аьккхийн Жанхотан илли» тlехь дика хастийна нохчочун Аьккхийн Жанхотан, оьрсийн кlентан тешаме доттагlалла а, и гергарло йоккхаерца къобалдеш хилла цу кlентан оьзда нана а.

Цул тІаьхьа, дийна и велахь,
Цуьрриг и [1] осал ца хилла.

ГІизару, вайн Даймохк ларбеш,
ТІех дера летта-кха кІайчех,
Къонахел эша ца оьшуш,
Шегара майралла гойтуш.

Массо а оьзда йоІ ахьа
Махкана комаьрша елла,
ТІех майра турпалхой ахьа
Халкъан ирс лардан схьабелла.

Іилманхой, яздархой тайна,
Гоьдевлла адамаш делла,
Даймехкан, халкъан сий лардан,
Заманан ирс кхолла вайна.

Дуьнен чохь оьздалла мел ю,
Дахарехь къонахий мел бу,
ТІекхуьуш вайн бераш мел ду,
Сий хуьлда вай динчу нанойн!

Даймехкан, халкъан сий ларахь,
Ша винчу ненан сий лардахь,
Нийсонан оьздалла ларъяхь,
Хьан воІ ву Даймехкан къонах —
Декъала хилла хьо, нана.

1978 ш.

---

[1] И — БахІадаран Муьстарг. Цунна езаш хилла Іаьмаран Газа.

ЙОІ-ХЬЕХАРХО

Тидаме хьайн ойла екъахьа тхоьца,
Хьайн хазчу бІаьргашца хьажахьа тхоьга.
Со кхиъна мохк беза халкъаца, хьоьца,
Са лаьтта бІаьрга ган, дош ала хьоьга.

Даймахке, вайн халкъе, Іаламе, хьоьга,
Хазалле, оьздалле, хьекъале кхиъна
Сан лаам сан цІийца кхетаме лега,
Исбаьхьа бІарлагІа сан даг чу хиъна.

Даймехкан, халкъан ирс сайн ирс ас лору,
Дика-вон махкаца, хьоьца ас доькъу,
Хьан лаам ларбарца хьан ирс а лоьру,
Ахь иза къобалдар сан даго хьоьху.

ЧІегІардиг санна, хьо шера ю, оьзда,
Маьлхан и нур санна, сирла ду хьекъал,
Іилманах, Даймахках хьайн ойла йоьзна,
Сийлахьчу хьан новкъахь йо ас хьо декъал.

1978 ш.

ИРС

Дешархо Аминат
Шен стоьла хьалха
Урокаш ю Іамош
Хьомечу йишица,
Кхетаме Хедижат
Ю Амантица
Белла болх кхочушбеш,
Тlех цlена яздеш.

Дагахь дац цу шинна
Султанан ловзар,
Хьекъале бlаьргаш бу
Хьуьйсуш цу шиннан,
Пхиь даккха чlагlо ю
Дешархойн дагца, —
Балхара цlа веъча,
Хоттур ду дадас.

Шайн бешахь волалой,
Ша паргlатваьлча,
И дада волало
Берашца къамел дан.
Дешар тlехь кхиамаш
Муха бу, и хьожу,

Даггара цо хоржу
Хьехар дар оьзда.

Хьекъале кхуьуш бу
Цу дадин доьзал,
Балха тIехь, дешар тIехь
Кхиамаш церан бу.
Кхетаме, гIиллакхехь,
Ирс долуш беха уьш,
Дахаран Iалашо
Оьзда ю церан.

1969 ш.

8-гІа МАРТ

БІаьстенан хаам беш, кхочу
Зударийн деза де — Март,
Дегнашка ирсан аз кхочу
Дахарехь чІагІбарца барт.

Беран хан ирс долуш хилла,
Доьзалехь хьекъалца кхиъна,
Дешарца Іамадо Іилма,
Халкъана сий хилар лиъна.

ДегІан куц нуьре хьан къеста,
Цул хаза дог ду хьан кийрахь,
Ойланаш кхетамехь кхерста,
Вай вовшийн хилла дац хийра.

Советийн хьекъале зуда,
Хьо оха декъалйо дагца,
Хьоь безам ойлано худу,
Баркалла, сий-гІалам хьуна!

1971 ш.

КЪАХЬЕГАР — СИЙЛАЛЛА

Ма-моьтту ца хилча,
Ма-торру, олу.
Кхетамах ша тилча,
Стаг гал а волу.
Къахьегар — сийлалла,
Болх цабар — сонталла,
КІадо яр, мало а —
Адамийн мостагІа.

Адамалла кхоьллинарг
Оьздалла ю,
Оьздалла леринарг
Адамалла ду,
Сирла ду, къегина
Вайн маьлхан нур,
Хьекъало хаздинарг
Кхин а сирла ду.

Оьздалла кхоьллинарг
Яхь, нийсо ю,
Адамалла леринарг
Оьздалла ю.

1976 ш.

ИРСЕЧУ НОВКЪАХЬ

(Грозненски хьехархойн училищен 50 шо кхачарна)

Сан безам, сан ойла, воккхавер хьоьца
Хилла ду, долуш ду, хир а ду даим,
Хьоьцара марзо ю сан дагца, соьца:
Ахь хийла Iалашо сан коьрте ялий...

Самукъадолуш дерг Iамо ду атта,
Дешаро, хаарша сирла до хьекъал,
Безаме хета хьо, Iилманан хьаьтта,
Шовзткъе итт шо кхачар хуьлда хьан декъал!

БIаьстене сатуьйсу жил-Iалам санна,
Аьхка сатуьйсуш бу дешархой хьоьга,
Iаморехь хазахетар ло цара нанна,
Яхьбуьйлуш, доьналлехь кхочу уьш цуьнга.

Бацалахь цIен-къорза зезагаш лепар,
Дашо малх дуьненна исбаьхьа къегар
Дог-ойла айеш ду, дегIан ницкъ толош,
Iилмано хьан хьаьттахь ирсан юьхь йолош.

Иштта тIекхочу-кха шар-шарахь гуьйре...
Керлачу хьуьнаршца тIейогIу Iуьйре,
Дешархой, хьехархой балха тIе боьрзу,
Iилманан и шовда хьекъална кхоьрзу.

Даймехкан аренаш ялтеха юьзна,
Исбаьхьа вайн бошмаш стоьмеха юьзна,
Беркатан, рицкъанан гуьйре дIайоьду,
Мало цаечеран гIуллакх дIадоьду.

Ерзанайолу беш, можа гIаш эгош,
Тийначу Iуьйренца зIаьнарш схьакхета,
Чубузу дашо малх, сирла нур къегош,
Суьйренца тов-бацо тулгIенаш етта.

Йиц ца ло школехь ас дешна хан суна,
Ирс хета хьуна чохь дешна чекхвалар.
Iаморна, кхеторна баркалла хьуна,
Декъала хуьлда хьан ахбIе шо кхачар!

Ирсан некъ схьалаьцна, кегийрхой богIу,
Чекхбевлларш юьхькIамца дахаре боьрзу,
Оьздачу некъа тIехь уьш хьалха боьлху,
Кхетамца уьш кхиъча, самукъадолу.

1975 шо.

КЪОНАХ ЛАРАР

Куьйгашца боккха берд, лам ша харцабарх,
Тlех маса хиларца бедда сай лацарх,
Тешаммий, адамаллий, оьзда яхь яцахь,
Мел онда хиларх а, хир вац и къонах.

1979 ш.

ДАХАРАН ХАЗАЛЛА

Зезаго сийна бай хазбо,
Адамо вайн дахар хаздо,
Нийсонан оьздалла ларйо,
Дахаран хIусам а хазйо.

1979 ш.

ОЬМАРАН ЗАМА

Миноташ, сахьташ а хедӧш,
Денош а, шераш а уьду,
Безамо дахар сов хаздеш,
Оьмаран зама дIайоьду.

1959 ш.

БЕЗАМАН ДОШ

Тийна хан даима еъча,
Сел дукха езарна сайна,
Сатуьйсуш, безамца хьаьгча,
Ахь бехк ма биллалахь суна.

1979 ш.

КІОРНЕШ ЯЙНА ХЬОЗА

КІорнешна кхача бан дахара хьрза,
ДІадоьдуш и лардеш хиллера куьйра,
Цо кІорнеш йовдийра, Іовжаме цІийза,
Дедда и дахара хиллачул буьрса.

Кхача а бохьуш, схьакхечира хьоза,
КІорнеш ца карийча, бІарзделла хьаьвзи,
Доьлхуш, и дийкира, кІорнешка кхойкхуш,
Хьун екош, дилхира, ша орца доьхуш.

ДегІе зуз доуьйтуш, дилхан дог делхош,
Дийкира, тийжира бІаьрзделла хьоза.
Дерриге дуьненна шен гІайгІа ялхош,
Ша бинчу бенна и гонаха хьийза...

Сан дог а цІийзара, къахеташ царах.
Бехк боццу, маьршачу хьозанна зен дар
Мичара даьлла-те? Къахета ненах,
Къахета бехк боццу кегийчу кІорнех.

Хьозашна кегийра шайн кІорнеш санна,
Наношна хьомсара хета шайн бераш.
Къизалла ирча ю массо а ханна,
Цундела халкъашна машар бу безаш.

1979 ш.

БІАЬСТЕ

БІаьстено малхаца делош,
Іалам ду денна сов хазлуш,
Мархаша догІанца елхош,
Стигланаш комаьрша йовлуш.

Бошмаш а соьналло юьзна,
Лустделла дитташ, гІаш кхиъна,
БІаьстенан мох хьоькхуш аьхна,
Баьццарчу гІан тата дека.

Исбаьхьа куз баржош, латта
БІаьстено долийна кхала,
Хьозано зевне шок етташ,
Хазделла бІаьстенан Іалам.

ГІергІарца хиш дуьйлу лаьмнех,
Бацалахь зезагаш къеста,
Бос хоьрцуш, сийна буц леста,
ХІаваэхь полларчий кхерста.

РегІаца Іиндагіа дижча,
ДогІанца латта хьанделча,
Чан йойуш, Іалам хазделча,
ЦІеххьана ирзехь малх къега.

1959—1979 шш.

ДОГ ДОККХАДЕРЦА

Дог доккхадерцанна
дагдогIу суна
Совхозехь дуьххьара
хьох бIаьрг сайн кхетар,
Мехкарийн тобанехь
оьзда хьо къестар,
Хьо цхьаинах таръелла,
со хьоьга хьежна.

Хьан оьзда, хаза аз
хезира суна,
Цхьа кIеда со хьостуш,
кхечир и даг тIе,
Цхьабосса мерза ов
туьйхира дегIе,
Ца кIордош, къайллаха
хьоьжур со тийна.

Оьздаллий, гIиллаккхий
хьоьгара гича,
Хазаллехь къесташ хьан
дегI, сибат хилча,
Хьекъалца, собарца
кIеда йистхилча,

Бехк буьллу яций хьо,
дагна хьо езча.

Дагйогlу аьхкенан
беттасин буьйса,
Хьийкъинчу ялтин и
беркате ареш,
Дагдогlу ялтица,
стоьмашца болх бар,
Безамах, хазаллех
дуьзна хьан сибат.

Хазхета балха тlехь
хьо тоьллий хаар,
Кхиъмаша толийна
хьан дашо куьйгаш,
Дай-йн долу сел хаза
хьан елакъажар,
Исбаьхьа боьлу хьан
lаьржа и бlаьргаш.

1956 ш.

БЕЗАМ

Лохьа суна хьайн хазалла —
Дашо маьлхан хаза нур,
Деладехьа суна хьалха
Хьайн ойланан сирла сурт.

Лохьа суна дог ца дилла
Сатийсаман билгало,
Кхочушъярца цIена ойла
Оьзда куьг ахь соьга ло.

Деладехьа хьайн дог суна,
Исбаьхьалла яржаеш,
Аьтто, сий, ирс хьакъ ду хьуна,
Дегайовхо ирсе еш.

Оьзда хьан дегI мерза стом бу,
Сибат, амат — маьлхан нур,
Хаза хета хьан юьхь малхал,
Ткъа дог оьзда къеда цул.

1978 ш.

МА АЛА СОЬГА

Минотан безам бац дагца,
Марзонан цIе ю и леттарг,
Вай къастарх, са ду сан хьоьца,
Хьан сурт ду диц ца луш, соьца.

Хьан юьхь тIехь дог-ойла ешча,
Ахь олу мерза дош хезча,
Хьан доггий, сибаттий сирла
Малх хета декхначу дийнан.

Дог ду хьан сибтал а хаза,
Дагал а сибат ду хаза,
Цхьа сахьт а итт шаре нийсса
Хета-кха бIарзлучу синна.

Сан деган безаман седа,
Даим хьо, со хьоьстуш, къеда
Хьанчул сайн ирс хилар суна
Лиъна дац, дош ло ас хьуна.

Кхин вовшийн гурий-те, бохуш,
Вай вовшийн хирий-те, бохуш,
Хьуна ирс, шена хьо йоьхуш,
Дог ду сан безамца догуш.

Сан кийрахь дог могуш дисахь,
Сан коьртехь синкхетам бисахь, —
Безамах къаста ма ала, —
Ницкъ бац сайн безамах вала.

Ма ала, дагах хьуо херъе,
Сайн дагах безам дIахербе,
Хьоменнг, ма ала соьга,
Ма ала йицъе ахь соьга.

1959 ш.

ЕЗАЧУ ЙОІЕ

Хьо генахь йиснехь а,
дог ду сан хьоьца,
Безамо хьо бахьнехь
дог-ойла хьоьсту,
Хьо гаре, йиц ца луш,
даим сатуьйсу,
Кхетачу малхаца
хьо карлаюьйлу.

Лаьар-кха гуттар а,
хьо гуччу ваьлла,
Къайллаха хьан дегІан
бІаьра со хьежар,
Хьекъале хьан дешан
марзо ган лиъна,
Хьан кІеда, хаза аз,
дог хьостуш, декар.

Хьоьга цхьаъ вистхилча,
хьо цуьнга хилча,
Сахьаьвзаш, цатам а
хуьлура дагна,
Хьо хьахош хезча а,
лаьара суна

Сайн даггахь хьо хилар,
лерга сайн хазар.

Хьо йоцчохь сан даго
къамел до хьоьга,
Бlаьрга гахь, дагахь дерг
дицло, бехк хеташ.
Сайначул бlозза сов
хазхетар хьуна
Хилийта лаарца
lалашо ю сан.

Даглаьцча, хьо гаре
сатесча аса,
Ма-ярра сан даг чу
хlутту хьо оьзда,
Ткъа карладуьйлу-кха
хьо дуьхьалкхетар,
Гlиллакхе йистхилла,
хьан оза декар.

Хьо дагахь товш хета
дуьненан lалам,
Бос хоьрцуш, сийна буц
лестаяр мохо,
Акхтарган гlаш лесташ,
lиндагlаш ловзуш,
Декачу lаламо
хьо карлайохуш.

Диц ца ло шун юьртахь,
шу долчу веъча,
Хьо дуьххьар, хазъелла,
сайн дагна езна,
Дог оьцуш, сан даггахь
сайга ладоьгlна,

Хьан оза сан даг чохь
марзонца декна.

Хилла Iаж, маьлхан нур
хьан сибтах тарло,
Хьан оза, дегIана
аьхна хIо санна,
Марзонца сан дагца,
и хьостуш, кхерста,
Хьан сибат, хьежарах,
кIордадац суна.

ДогIа а деана,
хIаваъ шелделча,
Мархаша хIоттийнчу
Iиидагlан метта,
Сел хаза схьакхета
дашо малх санна,
ЦIеххьана хьо гича,
хазхета суна.

Даггара дош аьлла,
йистхуьлу хезча,
Малх санна, лепа хьан
беснеш а гича,
Хьастарца сан даг тIе
дуьжу хьан оза,
Иштта сан деган аз
делар хьан даг чохь.

Бошмашкахь сийна гIаш,
хьо хазъеш, леста,
Бацалахь зезаг а,
хьо марзъеш, лепа,
Хьо бахьнехь хазхета
татолан гIовгIа,

ХIо а ду сан хьоьга
бакъ безам кхиош.

Дарин куз хаз а беш,
сийна гIаш леста,
Цу стоьмийн бошмашкахь
зезагаш техка,
Хазалло тодина
оьзда дегI сетта.
Исбаьхьа хиларца
мехкарех къеста.

Исбаьхьа амат ду,
мерза стом санна,
Даггара мерза чам
дегIаца кхерсташ.
ГIиллакхо хазйина
езначу суна —
Хьо хьаьнга даг чуьра
яккхалур яра!
ДогIанан мархаша
мокхачу басца
ДIахьулбарх дуьненна
серло лун малх,
Арахь мел кхоьлина,
бодане хиларх
Безаман догу нур
сан даг чохь кхолац.

1959—1978 шш.

ЕВЗАШ ЙОЦЧУ ЙОІЕ

Цаевза хьоме йоІ, тийна
Ма хьежа лерина соьга,
Юх-юха хьежарца суна
Марзонца цхьаъ карлайохуш.

Со а хьожу юх-юха хьоьга,
Хьо цхьаннах таръелла, тийна.
Со хьожуш, хьожур хьо соьга
Сан безам кхиорца цуьнга.

Дуьхьал а йирзина суна,
Юххе хьо хиира меллаш,
Сан гоьлах гола а кхеташ,
Хьаьжир хьо цхьа кІеда соьга.

Хье ца луш, гІаьтти хьо тийна,
Хьаьжжинчохь тийна со вуьтуш,
Хатта а эхь хеташ суна,
Вовшашка хьоьжура вайша.

Суьйранна ворхІ сахьт а дели,
Дух-духа вовшашка хьежна,
Вовшеха ойланца хьегна,
Довзаза вай вовшех къаьсти.

Хьомечун безамна гуттар
Дог эца лаьар-кха суна...
Вӯзера йогIуш хьо цIехьа,
Вай вовшийн кхин гурий-техьа?

1959 ш.

ХЬОМЕЧУ ХЬОЬГА

Хьо генахь елахь а, хазниг,
Дагца со хьоьца ву даим,
Хьо цхьаннах хир ю сан ойла,
Лаьа ахь сох ойла йойла.

Хьо юххехь ган лаьа суна,
Хьоь хьежа, ца кIордош сайна,
Хьажарца мукъна а хьуна
Хаийта сайн деган ойла.

Кхечуьнца йистхилар нислахь,
Хьо дагахь йоллу-кха суна,
Хьан амат, хьуьнар ас дицдахь,
Бехк баккха бакъо ю хьуна.

БIаьстенан цIен зезаг санна,
Хьоменига оьзда ю суна,
Хьан аз ду зурманчул хаза,
Хьоь кхачац бIаьстенан хьоза.

Чехкачу татолийн декар,
Хьозарчийн эшарийн хезар,
Зезагийн исбаьхьа лепар
Товш хета, хьоменига, хьоьца.

Калакойн цу Iежах, нур дашо малхах
Къасталац хьан беснеш соьга,
Ткъа цкъацкъа хьан оза сан лере хазахь,
Дог-ойла дIагIурту хьоьга.

Малх санна, хьо гучуяьлча,
Iаламан хазалла яйча,
Вайший а вовшашка хьаьжча,
ДогцIенчу безамах теша.

КIедачу, хьомечу дашца
Со кечло хьох дагавала,
Ма мотта мекха ю дагIа, —
Ницкъ бу хьан вайн дахар кхала.

ЦIеххьана кхин везахь хьуна,
Соьгара новкъарло ер яц,
Гучуьра вер ву со хьуна,
ГIелонах ас хьоьга эр дац.

Хьо уллохь сайца ма-хилли,
Долчул а Iалам сов хазло,
Ойланца сайн дог ас доьллу,
Лаьа-кха ахь и доьшийла.

ЧУЛАЦАМ

Хьехархо, Iилманча, поэт. *Чалаев Б.* . . . 3
Ленинан парти 8
Даймехкан зIаьнарш 11
Партин гIоьнча 13
Дека, сан илли 15
Мехкан хазна 17
Сийлахь-доккхачу халкъан мотт . . . 19
ВорхI совпIат 20
Турпалхойн сий 22
Вайн толам хир бу 24
Даймохк ларбеш 26
Ваша гIаролехь 27
ТIамера деанчу сурте 29
Къонах 31
ДоттагIчуьнга 34
Пушкин 36
Дахаран теш 39
Н. А. Некрасов 41
Хьоме яздархо 43
Халкъан йоI — мехкан сий 45
Бакъдоцург дийца ма ала 47
Ненан сий 48
ЙоI-хьехархо 51
Ирс 52

8-гІа Март 54
Къахьегар — сийлалла 55
Ирсечу новкъахь 56
Къонах ларар 58
Дахаран хазалла 59
Оьмаран зама 60
Безаман дош 61
КІорнеш яйна хьоза 62
БІаьсте 63
Дог доккхадерца 64
Безам 66
Ма ала соьга 67
Езачу йоІе 69
Евзаш йоцчу йоІе 73
Хьомечу хьоьга 75

Джамалханов Зайнди Джамалханович

ДОРОГОЙ СЧАСТЬЯ

(на чеченском языке)

ИБ № 640

Редактор А. Осмаев. Обложка художника А. Ясуева. Художественный редактор Ю. А. Шевченко. Технический редактор С. П. Липатова. Корректор З. Шамурзаева

Сдано в набор 25.X 1979 г. Подписано к печати 24.I 1980 г. Формат 70x90 1/32. Бумага типографская № 2. Объем 2,5 (2,92) п. л. Уч.-изд. л. 2,15. Тираж 3000. СФ00055 Чечено-Ингушское книжное издательство Управления по делам издательств, полиграфии и книжной торговли Совета Министров ЧИАССР, Грозный, 21, улица Ленина 14. Заказ № 8094. Типография имени И. Н. Заболотного Управления по делам издательств, полиграфии и книжной торговли Совета Министров ЧИАССР, Грозный, улица Интернациональная, 12/33. Цена 20 коп.

Max 20 кеп.

ДОРОГОЙ СЧАСТЬЯ
(на чеченском языке)